




Majistra Katjana Ballantyne
Vil Somerville

Entwodiksyon Lis Datant Konsolide Somerville la



Enfòmasyon an:
Angle, Espanyòl,
Pòtigè brezilyen,
Nepali, Kreyòl Ayisyen,
Chinwa senplifye,
Chinwa tradisyonèl.

Kisa ki lis datant konsolide a?

Lis datant konsolide pou lokasyon an se yon sistèm deman inik pou plizyè inite lokasyon enklizif nan Somerville. Olye pou w aplike pou chak inite ki disponib, ou aplike yon sèl fwa epi ou rete sou lis la pou lòt diponiblite k ap vini yo.

Poukisa sa pi bon?

- **Pwosesis pi Rapid** – Ou pa bezwen aplike plizyè fwa.
- **Mizajou ki pi Klè** – Swiv eta kandidati an liy ou an nenpòt lè.
- **Plis sipò** – Vil la kapab pi byen ede aplikan yo epi bay priyorite ak bezwen lokasyon ki ijan yo.

Kijan pou w aplike

- **Etap 1: Rasanble enfòmasyon w yo.** Avan ou kòmanse, prepare enfòmasyon sa yo:
- **Enfòmasyon kontak** (telefòn, imèl, adrès postal)
- **Detay sou fwayera** (non ak dat nesans tout manm yo)
- **Revni & Byen** (Pout tout granmoun ki aplike)

Ou PA bezwen bilten salè, relve bankè oswa lòt dokiman ki konsène revni ak byen yo nan nivo sa. Poutan, si w bezwen yon lojman ki aksesib oswa yon amajman ki rezonab, ou dwe soumèt lèt yon doktè ki valide.

- **Etap 2: Soumèt aplikasyon w lan** (Apati 3 avril 2025)
 - **Anliy:** Vizite somervillewaitlist.org
 - **An prezansyèl:** Pase nan City Hall Annex, 50 Evergreen Ave, Somerville, MA 02145
- **Etap 3: Konfimasyon.** Depi ou fin soumèt li, w ap resevwa yon imèl konfimasyon avèk estati w sou lis la.
 - **Dat limit Aplikasyon an:** 30 Me 2025
 - **Dat Tiraj la:** 9 Jen 2025

Kisa ki rive aprè?

- **Lis datant & Tiraj:** Yo egzamine aplikasyon yo, epi yon tiraj ap detèmine plasman yo. Kèk kandida, tankou moun k ap viv Somerville yo oswa sila yo ki nan yon sitiyasyon ijans, ka genyen priyorite.
- **Mete enfòmasyon w yo ajou:** Si w demenaje, chanje travay, oswa fè lòt chanjman enpòtan, mete demann anliy ou an ajou pou nou ka kontakte w lè sa nesèsè.
- **Lè w nan tèt lis la:** N ap kontakte w pou pwochen etap yo, tankou yon randevou oswa vizite yon lojman

Ou bezwen èd?

- **Telefòn:** (617) 625-6600 x2566
- **Imèl:** inclusionary@somervillema.gov
- **Vizite:** City Hall Annex, 50 Evergreen Ave, Somerville, MA 02145
- **Patisipe an liy chak semèn nan lè biwo yo:** Lè Jedi, 5:30-7:30 PM sou Zoom (ID reyinyon an: 81106664399)

Dat limit Aplikasyon an: 30 Me 2025

Tiraj: 9 Jen 2025

➔ Aplikasyon disponib yo kòmanse 1ye Avril 2025. Vizite somervillewaitlist.org

- Moun ki andikape ki bezwen èd ak sèvis oksilyè pou yon komunikasyon ki efikas, dokiman ki ekri nan fòm altènatif, oswa modifikasyon rezonab politik ak pwosedi yo, pou gen aksè ak pwogram ak aktivite vil Somerville la oswa pou asistè reyinyon yo, dwe kontakte kowòdonatris ADA a, Adrienne Pomeroy, nan (617) 625-6600 x2059 oswa apomeroy@somervillema.gov.
- Si w bezwen èd pou w tradui oswa konprann enfòmasyon sa yo, tanpri rele nan 311 (617-666-3311) oswa kontakte nou nan somerviva@somervillema.gov. Vil Somerville la kapab ba ou yon entèprèt gratis.